

BIDJÈ PATISIPATIF VIL BOSTON

REZIME EGZEKITIF

KISA BIDJÈ PATISIPATIF LA YE?

Bidjè patisipatif (PB) se yon pwosesis demografik kote manm kominotè yo decide dirèkteman fason pou depanse yon pati nan bidjè piblik la. Lè rezidan yo angaje nan fason sa a, PB apwofondi demokrasi, bati kominote ki pi djanm, epi sipòte yon distribisyon resous piblik pi ekitab. Plizyè vil Ozetazini, k enkli New York, Chicago, Durham, Cambridge, ak Somerville, te adopte ak enpleman pwosesis PB yo pou ogmante angajman sivik e bidjetè pami rezidan li yo.

BIDJÈ PATISIPATIF NAN BOSTON

The Office of Participatory Budgeting (OPB) te tabli pa [òdonans](#) nan prentan 2023. Misyon Office la se pou bay yon pwen antre ofisyèl pou rezidan Boston yo pou kontribye nan pwosesis bidjè Vil la. Atravè sik anyèl yo, Office la mobilize piblik la pou mete an valè pwojè ki santre sou kominote yo, ki fè pwomosyon ekite sosyal ak rasyal.

Lè yo patisipe nan **Ideas in Action**, pwosesis bidjè patisipatif Boston an, sitwayen Boston yo ap jwe yon wòl aktif nan idantifye, fòme, epi priyore lide pwojè pou reponn ak bezwen lokal yo, pandan yo ap kontribye nan oryantasyon bidjè anyèl Vil la. Rezidan yo ap kolabore ak Biwo Bidjè Patisipatif la, Komisyon Sipèvizyon Ekstèn li a, depatman vil ki konsène yo, ak òganizasyon kominotè yo pou ede detèmine elijibilite ak fezabilite lide pwojè yo ki vize pote benefis pou kominote a.

OPB ak Komisyon li a, sou yon baz anyèl, mete ajou "[Gid Règleman Bidjè Patisipatif la](#)" pou bay yon kad referans ansanm ak yon seri règleman ak fonksyonman estanda pou inisyativ sa a nan Boston.



KILÈ E KÒMAN POU ANGAJE NAN IDEAS IN ACTION



RANMASE
LIDE
(Jiyè 2026)

Pandan mwa jiyè a, rezidan Boston yo genyen plizyè mwayen pou soumèt lide pwojè yo bay Biwo Bidjè Patisipatif la. Yo ka soumèt lide yo atravè yon pòtal PB anliy, yon liy telefòn PB **(617-635-3059)**, an pèsòn nan sant kominotè BCYF (BCYF Community Centers) yo chwazi yo, nan branch Bibliyotèk Piblik yo, nan City Hall, epi nan evènman ki òganize an patenarya ak òganizasyon kominotè atravè Vil la.

Elizibilite ak Kritè Pwojè yo

Pwosesis bidjè patisipatif Boston an mete aksan sou lide pwojè ki devlope kapasite kolektif nan domèn jistis sosyal ak rasyal. Rezidan Vil Boston yo ka soumèt lide pwojè yo, kèlkeswa laj yo, epi yo dwe satisfè kritè elizibilite sa yo:

- Pwojè yo limite ak yon depans yon sèl fwa, epi yo pa kreye nouvo pòs pèmanan;
- Pwopozisyon pwojè yo ka gen ladan pwogram ak sèvis, ansanm ak enfrastrikti fizik; amelyorasyon teknolojik, ak amelyorasyon kominotè sou pwopriyete Vil la piblik ki posede.
 - ▶ Pwojè enfrastrikti sou pwopriyete prive, leta, oswa federal pa elijib, tankou pwojè ki konsène Department of Conservation & Recreation (DCR) oswa Massachusetts Bay Transit Authority (MBTA).
 - ▶ Lide pwojè ki gen rapò ak pwogram e sèvis nan enstalasyon Vil la posede yo elijib.
- Lide pwojè yo dwe posib pou reyalize, epi yo dwe konfòme ak politik, lwa, règleman Vil la ki egziste deja, ansanm ak Òdonans Bidjè Patisipatif la; epi
- Pwojè yo dwe aplike oswa jere pa departman oswa ajans Vil ki apwopriye a k ap resevwa alokasyon bidjè dirèk.

Egzanp lide ki elijib: Pwogram pou ranfòse sante mantal pami jèn Boston yo; elaji rezo Wicked Free WiFi Vil la pou rive nan plis zòn ki gen fèb revni; klas alfabetizasyon dijital pou granmoun ajè yo pou aprann nouvo konpetans epi ankouraje koneksyon sosyal; amelyore espas piblik yo atravè pwojè enfrastrikti (atizay piblik, pyebwa nan lari, ban, elatriye) Ogmante aksè a manje fre ak ki bon pou sante atravè pwogram jaden kominotè oswa frijidè kominotè òganizasyon lokal yo jere.

Egzanp lide ki pa elijib: Peye salè yon anlwaye piblik pou bay sèvis; repare oswa amelyore yon bilding ki se pwopriyete prive; ede yon òganizasyon renove yon espas li lwe nan men yon lokatè prive; ede yon enstitisyon relijye repare tanp li; ogmante frekans otobis oswa tren MBTA yo; ogmante siveyans, sèvis polisye, ak/oswa lòt mezi ki gen yon enpak negatif ak dispwopòsyon sou rezidan yo.





DEVLOPMAN
PWOPOZISYON
(Okt. - Des. 2026)

Rezidan yo angaje ak Biwo Bidjè Patisipatif la ak depatman Vil ki konsène yo atravè yon seri fowòm an pèsòn pou revize, diskite, epi evalye fezabilite, ekite, ak enpak lide ki te soumèt pandan ete a. Depi yo fin priyore lide yo, patisipan fowòm yo, avèk gidans anplwaye Vil la, ekri pwopozisyon pou bilten vòt PB a.

Pwopozisyon preliminè sa yo pataje anliy pandan yon peryòd de (2) semèn pou kòmantè piblik nan mitan mwa novanm, anvan depatman Vil ki konsène yo ak Kabinè Finans lan fè yon evalyasyon final sou fezabilite epi detèmine estimasyon pri chak pwopozisyon.



VÒT,
FINANSMAN
PWOJÈ, AK
APLIKASYON
(Jan. 2027 -)

Rezidan yo vote pou jiska senk (5) pwopozisyon sou ki bilten vòt la. Vòt la fèt anliy e an pèsòn nan City Hall ansanm ak lòt espas ki deziyen atravè Vil la. Pwopozisyon ki sou bilten vòt ki resevwa plis vòt yo jwenn finansman jiska plafon finansman ki fikse pou sik PB sa a. Vil la ak Biwo Bidjè Patisipatif la ap anonse pwopozisyon ki genyen yo ansanm ak rezilta final vòt yo nan fen mwa fevriye. OPB

ak depatman Vil ki konsène yo siveye aplikasyon pwopozisyon yo.



KONTAKTE BIWO BIDJÈ PATISIPATIF LA

Èske w ap chèche fason pou patisipe nan Ideas in Action? Tanpri kontakte Biwo Bidjè Patisipatif la!

Sitwèb: www.boston.gov/participate

Imèl: pb@boston.gov

